KUKOSHA KWECHIRANGO

Rovedza mwana nzira yaanofanira kufamba nayo, Ipapo kunyange akwegura haangatsauki pairi. Zvirevo 22:6

ZVEVABEREKI

Tarirai, vana inhaka inobva kuna Jehovha, uye chibereko chechizvaro ndiwo mubayiro wake. Pisarema 127:3
Anorega shamhu anovenga mwanakomana wake; Asi anomuda, anomuranga zvakanaka. Zvirevo 13:24
Pakutya Jehovha pane simbiso kwazvo; Vana vake vachava noutiziro. Zvirevo 14:26
Ranga mwanakomana wako, tariro ichipo; Uye mweya wako ngaurege kuva netsitsi pakuchema kwake. Zvirevo 19:18
Upenzi hunonamatira mumoyo womwana; Asi shamhu yokuranga ichahudzingira kure naye. Zvirevo 22:15
Usarega kuranga mwana; nekuti kunyange ukamurova neshamhu, haangafi. Umurove neshamhu, Ugorwira mweya wake paSheori. Zvirevo 23:13-14
Shamhu nokuraira zvinouyisa huchenjeri; Asi mwana wangoregwa hake anonyadzisa mai vake. Zvirevo 29:15
Rairira mwanakomana wako, agokuzorodza; zvirokwazvo uchafadza mweya wako. Zvirevo 29:17
Vana vako vose vachadzidziswa naJehovha; uye rugare rwavana vako ruchava rukuru. Isaya 54:13

ZVEVANA

Kudza baba vako namai vako, kuti mazuva ako ave mazhinji panyika yaunopiwa naJehovha Mwari wako. Eksodho 20:12

Mwanakomana wangu, usazvidza kuranga kwaJehovha; usaneta nokuranga kwake. Nokuti Jehovha anoranga waanoda; sezvinoita baba mwanakomana wavanofarira. Zvirevo 3:11-12

Zvirevo zvaSoromoni. Mwanakomana akachenjera anofadza baba; Asi mwanakomana benzi anosuwisa mai vake. Zvirevo 10:1

Teerera baba vako vakakubereka; Usazvidza mai vako kana vachembera. Zvirevo 23:22

Vana, teererai vabereki venyu muna Ishe; nekuti ndizvo zvakanaka. Kudza baba vako namai vako; unova murairo wekutanga une chipikirwa; kuti zvikunakire, uye urarame nguva refu panyika. VaEfeso 6:1-3

Kudza baba vako nomwoyo wako wose, uye urege kukanganwa kutambudzika kwamai vako. Rangarira kuti iwe wakaberekwa navo; zvino ungatsiva sei kwavari zvavakakuitira? Muparidzi 7:27-28

Kana tikaranga vana vedu, vachachema iye zvino asi vachanakidzwa mune ramangwana. Kana tikasaranga vana vedu, vachanakidzwa iye zvino asi vachachema mune ramangwana.

Vana ndivo ramangwana renyika yedu. Asi kana vachembera vasina chirango, remangwana renyika yedu richava rei?

Tsika dzose dzakaipa dzemunhu mukuru ndedziya dzisina kururamiswa kana kurangwa paakanga achiri mwana. Tinofanira kurera vana vanotya Mwari.

Ndakatora ivhu mhenyu
Uye zvinyoronyoro akaigadzira zuva nezuva
Ndakauya zvakare makore aenda
Aiva murume wandakaona
Iye achiri iya yekutanga impress akapfeka
Uye ndakanga ndisingakwanisi kumuchinja zvakare